

#### SS.7.C.2.4

Evalye dwa yo ki genyen nan Deklarasyon Dwa yo ak lòt amannman nan Konstitisyon an.

---

**SS.7.C.2.4 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1:** Elèv yo ap rekonèt ke Deklarasyon Dwa yo fè pati nan dis premye amannman yo ki nan Konstitisyon Etazini an.

**Deklarasyon Dwa yo** enkli dis premye **amannman yo** ki nan Konstitisyon Etazini an. Yo te ajoute Deklarasyon Dwa yo nan Konstitisyon Etazini an 1791, twa an aprè Konstitisyon Etazini an **te ratifye**. Amannman sa yo defini libète endividyèl, eksplike dwa moun yo akize pou yon krim, defini pwoteksyon sitwayen yo kont gouvènman federal la ak pwolonje pouvwa yo nan eta yo.

**amannman** - yon chanjman nan yon konstitisyon (egzanp, Konstitisyon peyi Etazini an, Konstitisyon Eta Florid la)

**Deklarasyon Dwa** - dis premye amannman yo ki nan Konstitisyon peyi Etazini

**ratifye** - eksprime konsantman pou confime; fòmèlman apwouve

**Sous:**

“Featured Cases.” *Landmark Cases of the U.S. Supreme Court*. Street Law, n.d. Web. 10 March 2014.

<<http://www.streetlaw.org/en/landmark.aspx,%20oyez.org>>

“You’ve Got Rights.” iCivics.org, n.d. Web. 10 March 2014.

<<https://www.icivics.org/teachers/lessonplans/youve-got-rights>>